



Pou Piblikasyon Imedya: 01/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GRAND OUVÈTI PASRÈL SOU RIVYÈ HUDSON LAN
POU JOUNEN NASYONAL SANTYE YO**

Pwojè a gen ladan Envestisman 11.1 Milyon Dola Eta ap Fè Avèk Finansman k ap soti nan Otorite Pon Eta New York la, Depatman Transpò Eta New York la, Depatman Leta Eta New York la ak I LOVE NY Empire State Development

Gouvènè Cuomo te Deziyen Rejyon Pasrèl sou Rivyè Hudson lan Prentan ki sot Pase a

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse grand ouvèti Pasrèl sou Rivyè Hudson lan (Hudson River Skywalk) pou komemore Jounen Nasyonal Santye yo (National Trails Day). Apre investisman 11.1 milyon dola Eta te fè a, pwojè a ki fini an ap pwolonje pasrèl istorik ak panoramik ki olon Pon Rip Van Winkle a pou konekte de sit fondatè premye mouvman atistik Etazini an ki se: Sit Istorik Nasyonal Thomas Cole la (Thomas Cole National Historic Site) ak Sit Istorik Eta Olana a (Olana State Historic Site). Pasrèl sou Rivyè Hudson lan gen ladan nouvo estasyon panoramik sou pon an pou pyeton yo gade k ap pèmèt yo wè panorama eksepsyonèl Rivyè Hudson lan ak Mòn Catskill yo, ansanm ak yon aksè san danje pou pyeton yo antre nan de sit istorik yo ak yon nouvo espas estasyonman pou vizitè yo sou bò lès pon an.

"Avèk ouvèti Pasrèl sou Rivyè Hudson lan jodi a, Nouyòkè yo tankou vizitè yo ka vizite de sit istorik yo an tout sekirite epi byen alèz", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Sit Istorik Nasyonal Thomas Cole la ak Sit Istorik Eta Olana a aji deja kòm yon motè ekonomik pou rejyon an, epi avèk adisyon nouvo pwojè sa a, Skyway a pral sèvi kòm yon atraksyon rejyonal k ap benefisyè Hudson Valley pandan anpil jenerasyon k ap vini ankò."

Pasrèl sou Rivyè Hudson lan se pyès mètrès nouvo Rejyon Pasrèl yo fenk deziyen sou Rivyè Hudson lan, ki gen ladan Pon Rip Van Winkle, Sit Istorik Nasyonal Thomas Cole la, ak Sit Istorik Olana a, Vil Hudson lan, Vil Greenport ak Vil Catskill. Gouvènè Cuomo te deziyen Rejyon sa an Mas 2018 pou mete aksan opòtinite touristik ekstraòdinè ki gen nan zòn lan yo.

Pou make ouvèti a, yo te òganize yon seremoni koupe riban jodi a, avèk dinyitè eta ak lokal yo ki te prezan, ansanm ak manm popilasyon an.

"Otorite Pon Eta New York la (New York State Bridge Authority) te travay men nan men ak tout patnè kominotè yo pou yo te ka fè pwojè ekonomik touristik sa a vin yon reyalyte", **Richard A. Gerentine, Prezidan Konsèy Otorite Pon Eta New York la te deklare.** "Sipò nou te resevwa nan men Gouvènè Cuomo a te enstrimantal pou nou

reyalize pwojè sa a, kote tout rejyon an nèt pral benefisye kote jenerasyon k ap vini yo pral jwi."

"Gouvènè Cuomo te sipòte pwojè sa a soti nan kòmansman rive nan finansman pou pèmèt Pasrèl sou Rivyè Hudson lan ouvri atan epi nan limit bidjè a pou popilasyon ka jwi l nèt kounye a", **Tara Sullivan, Direktris Egzekitiv Otorite Pon Eta New York la.** "Otorite Pon an kontan anpil paske nou te travay ak tout patnè ki te travay sou pwojè sa a, kote popilasyon an pral kapab tire enspirasyon pandan anpil ane k ap vini ankò."

Komisè Pwovizwa Depatman Transpò (Department of Transportation) Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Nouvo enfrastrikti transpò sa a pral fè plis pase pèmèt moun sikile san danje soti yon kote pou ale yon lòt kote, Pasrèl sou Rivyè Hudson lan pral konekte de sit kiltirèl enpòtan, k ap atire plis vizitè vini vizite sit istorik sa yo ak bote vale Rivyè Hudson lan avèk tout sa li gen pou l ofri yo. Lidèchip Gouvènè Cuomo gras a itilizasyon amelyorasyon k ap fèt nan wout ak pon yo pou estimile ekonomi lokal yo, ap amelyore sekirite ak aksè pandan l ap reyanime kominote nan Rejyon Nò yo".

Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare. "Finisman Pasrèl sou Rivyè Hudson lan se yon refleksyon ki montre angajman gouvènè a pran anvè agrandisman opòtinite lwazi anplennè yo pou Nouyòkè yo tankou vizitè yo. Sa pral ofri menm plis wout panoramik pou tèren pitoresk ak gran mezon Sit Istorik Eta Olana a epi plis ranfòse sektè touris la toupatou atravè rejyon an".

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zensky, te deklare, "Sipò ak investisman estratejik n ap fè nan pwojè tankou nouvo Pasrèl sou Rivyè Hudson lan ap bay Nouyòkè yo, ak tout vizitè yo, plis aksè a bò rivaj dlo san parèy eta a yo, peyizaj ak destinasyon kiltirèl koupe souf li yo, pandan l ap estimile ekonomi touris florisans New York la".

"Yo te kreye Pwogram Revitalizasyon Bò Rivaj Dlo Lokal New York la (Local Waterfront Revitalization Program) pou pwojè tankou pwojè sa a, epi se yon lonè pou nou jwe yon wòl nan efò n ap fè pou nou reyalize Pasrèl la", **Sekretè Deta New York la, Rossana Rosado te deklare.** "Lè nou sipòte enfrastrikti ak pwojè devlopman enpòtan ki literalman lye kominote yo ak atraksyon yo, nou ap fè Eta New York vin menm pi atiran pase jamè avan."

Doktè Havidán Rodríguez, Prezidan University at Albany an, ak Ruth Mahoney, Prezidan KeyBank Market, ki se de Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon Kapital la (Capital Region Economic Development Council) yo, te deklare, "Onon Konsèy la, nou fyè paske nou te sipòte yon pwojè ki pral entwodui menm plis vizitè ankò a bote natirèl vale Rivyè Hudson lan, Mòn Catskill yo, ak anpil lòt destinasyon istorik ak kiltirèl ki genyen toupatou atravè Rejyon Kapital la".

Senatè George Amedore te deklare, "Pasrèl sou Rivyè Hudson lan tabli yon koneksyon enpòtan ant de sit istorik ki te jwe yon wòl entegral konsa nan istwa rejyon an. Anmenmtan, l ap ofri yon pi bon opòtinite pou rezidan tankou vizitè yo pou yo jwi yon bote natirèl enkwayab rivyè a ak zòn ozalantou li yo".

Manm Asanble Didi Barrett te deklare, "Yo ka trase nesans premye mouvman atistik Etazini an, epi san dout, ansanm ak nesans premye konsyans konsèvasyon tèren nan Etazini, a espas mayifikman bèl sa a nan rejyon Hudson Valley a kote pent peyizajis Thomas Cole ak Frederic Church yo chak te gen kay yo bò rivyè a youn opoze a lòt. Deziyasyon sa yo bay Rejyon Pasrèl sou Rivyè Hudson lan k ap konekte de sit istorik sa yo se yon rekonesans apwopriye pou lokalite ikonik sa a ak panorama enspirasyonèl li yo".

De sit istorik yo ofri lye ideyal pou eksplòre wòl transfòmasyon ke Rivyè Hudson lan ak Mòn Catskill te jwe - epi yo kontinye jwe - nan istwa atistik Etazini an. Sit istorik Nasyonal Thomas Cole la prezante kay ak estidyo Thomas Cole (1801-1848), ki se fondatè premye gran mouvman atistik Etazini an, Lekòl Penti Peyizaj Rivyè Hudson lan (Hudson River School of landscape painting).

Sit Istorik Eta Olana a se pi gran chedèw Frederic Church (1826-1900), ki te etidyan lejandè Cole la ak premye vedèt atistik entènasyonal Etazini an. Vil Hudson ak Vil Catskill se kominote pitorèsk ki sitiye bò rivaj dlo Rivyè Hudson lan ki gen sant vil kote moun ka mache a pye ak magazen popilè, restoran, obèj ak sant atistik yo. Estasyon Amtrak ki nan sant vil Hudson lan bay aksè a toude kote sa yo - avèk Catskill ki sitiye a mwenske 10 minit nan taksi.

Okazyon an te selebre potansyèl ekonomik ekstraòdinè Pasrèl sou Rivyè Hudson lan genyen jan l ye a epi antanke pwen fokal pou touris ki vin nan Rejyon Pasrèl sou Rivyè Hudson lan. Yon analiz ekonomik ELAN ki baze nan Saratoga Springs lan estime ke yo prevwa depans nouvo vizitè ke Pasrèl sou Rivyè Hudson lan jenere nan konte Columbia ak Greene ap apeprè 4.53 milyon dola chak ane nan biznis lokal yo, ki gen ladan restoran ak ebèjeman. Sa pral pwodui plis pase 270,000 dola nan nouvo resèt taks chak ane pou de konte sa yo melanje ansanm.

Chif sa yo se anplis de enpak ekonomik de sit istorik sa yo te jenere deja. Analiz ke Business Opportunities Management Consulting nan North Greenbush te fè resaman te jwenn ke Sit Thomas Cole la ak Sit Olana melanje ansanm pote anviwon 11.6 milyon dola ototal epi sipòte 274 djòb nan ekonomi lokal la.

Pasrèl sou Rivyè Hudson lan pral ajoute 4.53 milyon dola chak ane epi yo estime 66 djòb - sa k ap bay 15.73 milyon dola ototal ak 330 djòb chak ane. Li pral kreye tou yon nouvo motè ekonomik y ap konstwi otou melanj inik istwa makan, panorama eksepsyonèl yo, ak yon pasrèl konektè, yo tout chita anndan yon rejyon ki plen enèji atistik ak anpil lòt atraksyon k ap anime l.

Pou ede fè piblisite pou atraksyon touristik rejyonal sa a, Gouvènè Cuomo [te anonse](#) kreyasyon Rejyon Pasrèl sou Rivyè Hudson lan ane pase. Yon sibvansyon 225,000 dola ke Market New York te akòde bay Sit Istorik Nasyonal Thomas Cole la an patenarya ak Olana atravè inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon la, te sipòte pwojè sa a. Prim sa a te ede kreye [Sitwèb Pasrèl sou Rivyè Hudson lan](#) yo te lanse resaman ki pral envite vizitè yo vini nan zòn lan.

"Yon istwa ki gen prèske desan zan te konekte de sit istorik sa yo - k ap reprezante Thomas Cole ak Frederic Church", **Elizabeth Jacks, ki se Direktris Egzekitiv Sit**

Istorik Nasyonal Thomas Cole la, te deklare, "Avèk konstriksyon Pasrèl sou Rivyè Hudson lan, koneksyon istorik ak tematik sa pral vin reprezante an beton ak an asye, sa k ap kreye yon destinasyon inifye espektakilè."

"Pasrèl sou Rivyè Hudson lan se yon pyès mètrès nan yon gran nouvo rejyon touristik k ap non sèlman lye Olana Frederic Church la ak Sit Thomas Cole la men tou enèji atistik Hudson ak Catskill", **Sean Sawyer, ki se Prezidan The Olana Partnership la te deklare.** "Rejyon Pasrèl sou Rivyè Hudson lan pral yon motè ekonomik kle pou de konte yo ak pou tout rejyon Hudson Valley a nèt."

Prezidan Lejislati Konte Greene lan, Patrick Linger, te deklare, "Avèk èd lidèchip Gouvènè Cuomo, kounye a Pasrèl sou Rivyè Hudson lan se yon jwayo kouwòn k ap atire anpil milye touris vin nan zòn lan chak ane pou vin wè moniman istorik nou yo ak bote natirèl zòn lan".

Prezidan Konsèy Administrasyon Vilaj Catskill la, Vincent Seeley te deklare, "Pwojè Pasrèl sou Rivyè Hudson lan, anba lidèchip Gouvènè Cuomo a, vin yon reyalite epi li pral yon ranfò pou toude kominote yo ki sou chak bò rivyè a".

Sipèvizè Vil Greenport la, Kathleen Eldridge te deklare, "Kounye a, sa se yon destinasyon mèveye pou tout moun k ap vizite bèl rejyon nou an epi nou ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo pou devouman l nan efò l ap fè pou rann pwojè sa a posib. DOT ak patnè Eta nou an yo te koute bezwen ak sigjesyon kominote yo trè byen".

Otorite Pon Eta New York la (New York State Bridge Authority)

Otorite Pon Eta New York la opere pon Bear Mountain, Newburgh-Beacon, Mid-Hudson, Kingston-Rhinecliff ak pon Rip Van Winkle epi yo se pwopriyetè epi yo responsab antretyen estrikti Pasrèl ki pase sou Pon Hudson lan (Walkway Over the Hudson). Yo finanse Otorite a prensipalman apati peyaj pon yo epi yo pa te resevwa lajan taks eta a ak federal pou antretyen ak operasyon pon an.

Olana ak The Olana Partnership

Olana se pi gran chedèv Frederic Edwin Church (1826-1900), ki se atis Ameriken premyèman nan mitan 19yèm Syèk la. Church te konsevwa Olana kòm yon anviwonman olistik k ap entegre ide avanse li te gen sou atizay, achitekti, konsepsyon peyizaj, ak konsèvasyon anviwonmantal yo. Peyizaj Olana yon atis konsevwa ki mezire 101 ekta avèk yon kay ki te enspire apati achitekti peyi Lapès osomè li anbrase yon panorama san parèy pou wè Hudson Valley ak Mòn Catskill yo epi jodi a, l ap akeyi plis pase 170,000 vizitè chak ane.

Sit Istorik Eta Olana, ki se yon sit istorik Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta New York la (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation), Rejyon Taconic lan, se yon Moniman Istorik Nasyonal yo deziyen epi se youn nan sit yo plis vizite nan eta a. The Olana Partnership a, ki se yon kòporasyon san bi likratif prive, travay an kowòperasyon ak Eta New York la pou sipòte restorasyon, konsèvasyon, ak entèpretasyon Sit Istorik Eta Olana. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Olana ak The Olana Partnership, tanpri klike [la](#).

Sit Istorik Nasyonal Thomas Cole la

Sit Istorik Nasyonal Thomas Cole la se lye nesans atizay Ameriken, kote y ap prezante kay ak estidyo orijinal Thomas Cole la, ki se fondatè Lekòl Pentè Rivyè Hudson lan, premye gran mouvman atistik nasyon an. Sit la sitiye sou 2.4 ekta tè nan Hudson Valley a, li gen ladan Kay Prensipal la ki date depi 1815; Ansyen Estidyo Cole la, ki date depi 1839; bilding Nouvo Estidyo yo te rekonstwi resaman; ak panorama Mòn Catskill yo. Se yon moniman Istorik Nasyonal epi yon espas ki asosye ak Sistèm Pak Nasyonal la. Sit Thomas Cole la ofri vizit gide oswa otogide, ekspozisyon espesyal pou atizay 19yèm syèk ak atizay kontanporen, piblikasyon enprime, konferans, yon bann pwogram sou entènèt, aktivite pou gwoup lekòl yo, pwogram Anseyan-Chèchè Cole la, evènman kominotè gratis, ak pwogram piblik novatè tankou Lekòl Santye Atizay Rivyè Hudson lan—yon kat jewografi ak sitwèb k ap pèmèt vizitè yo vizite kote nan lanati Cole te pentire yo. Objektif tout pwogram nan Sit Thomas Cole la se pou pèmèt vizitè yo jwenn siyifikasyon ak enspirasyon nan lavi ak travay Thomas Cole. Tèm Cole te eksplore nan atizay ak ekriti li yo –tankou prezèvasyon peyizaj ak konsepsyon nou genyen de lanati kòm yon pouvwa rejeneran– ki alafwa istorik ak entanporèl, k ap ofri opòtinite pou konekte odyans ak konesans ki vrèman apwopriye pou pwòp lavi yo.

Jwenn plis enfòmasyon sou Sit Thomas Cole la [isit la](#) ak sou pòtay Great Northern Catskills la [isit la](#).

###

Lèt nouwèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)